



# Konsekans Chanjman Règleman Imigrasyon yo sou kliyan IRC yo: Kesyon yo poze souvan

Nan dat 20 janvyè 2025, Prezidan Donald Trump te bay yon seri lòd egzekitif ki mande pou ranfòsman imigrasyon pi sevè ak ogmante depòtasyon. Yon lòd egzekitif se yon kòmandman prezidan Etazini ki siyen, ekri epi pibliye ki gen menm efè ak yon lwa. Ajans federal yo te bay plis konsèy sou aplikasyon kèk nan lòd sa yo.

Ka imigrasyon chak moun inik. Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan legal Depatman Jistis ki akredite sou opsyon ou yo. Èske w pa sèten sou fason nouvo gouvènman ameriken an kapab afekte estati imigrasyon w lan? Anba a gen kèk enfòmasyon jeneral ak konsèy.

**IRC te kreye resous pou kliyan Ozetazini. Nou espere ke sa ede moun yo pi byen konprann dwa yo ak pwosesis imigrasyon an. Sepandan, enfòmasyon sa yo pa ranplase konsèy legal yon avoka ki kalifye oswa yon reprezantan ki akredite.**

**REMAK:** enfòmasyon yo bay yo egzat apati **24 janvyè 2025** epi yo ka chanje rapidman akòz plis chanjman politik ak/oswa desizyon tribinal yo.



## Ki jan nouvo politik imigrasyon yo pral afekte mwen?

**Mwen se yon rezidan pèmanan legal (yo rele tou yon moun ki gen kat vèt). Èske mwen riske pèdi estati mwen oswa yo depòte mwen dapre nouvo politik sa yo?**

**NON.** Kòm yon rezidan pèmanan, ou gen pèmasyon endefini pou viv ak travay Ozetazini. Ou pa sijè a pwosedi depòtasyon sof si ou te komèt fwod, te abandone rezidans ou lè ou te andeyò Etazini pou twò lontan, oswa ou te komèt sèten ofans kriminel. Si ou kwè nenpòt nan sa yo ka aplike pou ou, ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa reprezantan legal Depatman Jistis (DOJ) akredite pou evalye risk ou yo. Nou ankouraje rezidan pèmanan pou yo pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite anvan yo aplike pou natirizasyon.

Ou dwe toujou pote kat rezidan pèmanan legal ou (Rezidans) avèk ou. Si lapolis retew, epi yo mande w prèv estati imigrasyon, fè yo konnen ou se yon rezidan pèmanan epi montre yo kat rezidans ou.

**Mwen se yon Imigran Espesyal Afgan oswa Irak (SIV). Èske mwen riske pèdi estati mwen oswa yo depòte mwen dapre nouvo politik sa yo?**

**NON.** Moun ki te antre Ozetazini ak yon Visa Imigran Espesyal (SIV) oswa ki te akòde ajisteman nan estati yo baze sou yon petisyon SIV apwouve oswa apwobasyon Chèf Misyon yo deja Rezidan Pèmanan Legal.

Si ou te mande Chèf Misyon (COM) apwobasyon demann ou pou klasifikasyon kòm yon Imigran Espesyal ki baze sou youn oswa plizye sèvis nan misyon Etazini an Irak oswa Afganistan, men ou poko resevwa li, ou poko legalman yon imigran espesyal. Ou ta dwe konsilte yon founisè sèvis legal pou wè si w kalifye pou yon lòt fòm sekou tanporè oswa pèmanan tankou Estati Pwoteje Tanporè (TPS) oswa azil.

Si ou se yon LPR, oswa ou genyen yon lòt estati legal, ou ta dwe toujou pote prèv estati legal ou avèk ou. Si ou gen yon Apwobasyon COM epi ou te ranpli pou Ajisteman Estati, ou ta dwe toujou pote yon kopi resi I-485 ou ki soti nan USCIS (I-797) avèk ou tout tan.

**REMAK:** genyen yon aplikasyon pou estati annatant, pa ka pwoteje w kont detansyon oswa ranvwa.



**Mwen se yon azil oswa refijye. Èske mwen riske pèdi pwoteksyon mwen oswa jwen depòtasyon dapre nouvo politik sa yo?**

**NON.** Antanke yon asilye oswa refijye, Etazini te ba w pwoteksyon endefini. Yo pa kapab mete w nan pwosedi depòtasyon sof si w te komèt fwod/defòmasyon, retounen nan peyi w, oswa si w te komèt sèten ofans kriminel. (Si nenpòt nan sa yo ka aplike pou ou, ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan legal ki akredite DOJ pou evalye risk ou yo). **Azilye/refijye yo ta dwe chèche asistans nan men yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ki akredite pou aplike pou Ajisteman Estati (yon kat vèt) pi vit posib apre yo fin fè yon ane prezans fizik Ozetazini.**

Ou ta dwe toujou pote prèv ki montre estati azil ou oswa refijye avèk ou. Si lapolis sispann ou epi yo mande w sou sityasyon imigrasyon w, ou ta dwe montre yo prèv estati azil ou (sibvansyon azil ak/oswa (a)(5) pèmi travay) oswa estati refijye (prèv antre kòm refijye ak dokiman /oswa (a)(3) pèmi travay).

**Mwen gen Estati Pwoteje Tanporè (TPS). Èske mwen riske pèdi pwoteksyon mwen oswa jwenn depòtasyon mwen dapre nouvo politik sa yo?**

**PETÈT.** Dapre lalwa, prezidan an dwe revize tout deziyasyon peyi TPS yo epi detèmine si pou pwolonje yo oswa sispann yo anvan dat ekspirasyon yo. **Si yo sispann TPS, moun ki gen TPS kounye a pap kapab renouvle TPS yo oswa otorizasyon travay yo epi yo ka sijè a detansyon oswa ranvwa.** Apati dat konsèy sa a, poko gen okenn revokasyon TPS.

Ou ta dwe toujou pote prèv TPS ou avèk ou. Si lapolis sispann ou epi yo mande pou estati imigrasyon w, ou ta dwe montre yo avi apwobasyon TPS ou an oswa (a)(12) oswa avi (c)(19) pèmi travay ou.

**Mwen gen Libète Imanitè. Èske mwen riske pèdi pwoteksyon mwen oswa jwenn depòtasyon mwen dapre nouvo politik sa yo?**

**WI.** Prezidan an gendwa revoke libète pwovizwa pou imigran yo, epi dènye chanjman nan politik yo ogmante risk potansyèl detansyon ak depòtasyon moun ki gen libète pwovizwa. Espesyalman:

- Prezidan an ap revize tout pwogram libète pwovizwa yo pou posiblite revokasyon.
- Nouvo règ yo pèmèt detansyon imedyat ak depòtasyon moun ki gen libète pwovizwa.
- Li ka pa posib pou rejwenn libète kondisyonèl ou apre peryòd aktyèl la fini. \*Tanpri sonje ke pa gen okenn pwosesis pou CHNV re-libere (CHNV se Kiben, Ayisyen, Nikaragwan, ak Venezyelyen ki nan pwogram Libète Pwovizwa a).

Moun ki konsène yo ta **dwe konsilte ijan ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ki akredite** pou eksplore opsyon legal altènatif ak pwoteksyon kont depòtasyon



## **Konsèy Vwayaj Pou Moun Ki Pa Rezidan Permanan Legal Oswa Sitwayen Ameriken (Enkli Azilye, Refijye, Moun ki Gen TPS, Ak Libète Pwovizwa)**

Paske Gouvènman Ameriken an ap evalye kounye a potansyèl entèdiksyon vwayaj, li rekòmande fòtman pou moun ki poko jwenn estati legal pèmanan (Kat Vèt) **PA** kite Etazini jiskaske gen plis eklèsisman sou si wi ou non entèdiksyon vwayaj yo pral bay, epi pou ki peyi, oswa jiskaske ou jwenn estati LPR ou (Rezidans). Tanpri sonje ke gen pòs imigrasyon nan peyi Etazini nan 100 mil nan fwontyè ak Meksik oswa Kanada. Si w ap vwayaje nan peyi a, evite vwayaje nan zòn sa yo.



## Ki dokiman mwen ta dwe pote avè m?

**REMAK:** Nou rekòmande pou pote dokiman orijinal oswa kopi papye avèk ou tout tan. Asire w ou genyen kopi an kantite ki sere nan yon kote ki an sekirite lakay ou.

### Estat

### Dokiman pou pote

Si w gen **estati imigrasyon aktyèl**

Toujou pote dokiman ki bay prèv estati imigrasyon ou nan peyi Etazini, tankou:

1. **I-551** prèv rezidans pèmanan legal (Kat vèt)
2. **I-94** prèv ou te antre legal oswa paspò ak so oswa lòt dokiman vwayaj ki gen viza ak so sou li pou antre.
3. **Kat Otorizasyon Travay** (pèmi travay)
4. **I-797** Avi Apwobasyon pou estati imigrasyon ou
5. **Lisans eta a ba ou pou kondwi**—sèlman si eta w la egzijje estati imigrasyon aktyèl la pou jwenn yon lisans chofè.

Si **estati w annatant** (sa vle di ou te aplike pou yon benefis imigrasyon oswa pwoteksyon men ou poko gen yon rezilta sou ka w la)

Pote **kopi resi USCIS (I-797)** avèk ou toutan.

**REMAK:** si w gen yon aplikasyon pou estati annatant, ka pa ka pwoteje w kont detansyon oswa ranvwa.

Si w **nan pwosedi ranvwa epi w pa gen yon kat otorizasyon travay**

Pote yon kopi **Avi Jijmanw** ou a, nenpòt **resi** ou ka genyen pou aplikasyon ou te ranpli, oswa avi **libète pwovizwa** (si sa aplikab).

Si w pa gen **papye**

**PA pote kopi idantifikasyon** nasyonal ou oswa paspò nasyonal ou paske yo ka itilize yo kont ou nan tribinal imigrasyon.

**REMAK:** Ou pa ta dwe pote okenn fo dokiman oswa dokiman ki apatni a yon lòt moun.

Si w **pa gen papye oswa estati w annatant**, ou **pa nan pwosedi pou retire w, AK ou te Ozetazini pou 2 zan oswa plis**.

Pote **prèv prezans fizik ou** Ozetazini pou plis pase 2 ane pou pwoteje tèt ou kont ranvwa rapid.

**REMAK:** sa a pa konplètman pwoteje w kont detansyon oswa depòtasyon men li ka pwoteje w kont ranvwa rapid.

Sa a ka gen ladan kopi sa ki annapre yo:

- Prèv ou ranpli taks pou twa dènye ane yo (sèlman si yo itilize ITIN oswa # Sekirite Sosyal ki valab)
- Dokiman lokasyon
- Bòdwo sèvis piblik
- Dosye lekòl ou oswa pitit ou yo
- Nenpòt lòt dokiman ou ka genyen ki pwouve ou te Ozetazini pou plis pase 2 zan





## KONNEN DWA W.

Tout moun k ap viv Ozetazini, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, gen sèten dwa debaz dapre Konstitisyon Ameriken an. Moun ki gen estati imigrasyon tanporè gen dwa sa yo tou. Konnen dwa w epi ou pa bezwen pè egzèse yo lè w ap kominike avèk lapolis oswa ak ofisyè Imigrasyon ak Ladwàn (ICE).

**Si lapolis oswa yon ofisyè imigrasyon poze w oswa kesyone w, sonje ou gen dwa sa yo:**

- ✓ **Ou ka refize pale ak yo.** Ou pa bezwen di ki kote ou te fèt oswa ki jan ou te antre nan peyi Etazini. Ou pa bezwen di ki kote ou te fèt oswa ki jan ou te antre nan peyi Etazini.
- ✓ **Ou ka refize pale ak yo.** Ou pa bezwen di ki kote ou te fèt oswa ki jan ou te antre nan peyi Etazini.
- ✓ **Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yon ofisyè imigrasyon mande papyè ou, ou dwe montre yo si ou genyen yo avèk ou.** Pote dokiman imigrasyon w yo avèk ou toutan. **Si ou pa gen papyè imigrasyon, di ou vle rete an silans.**
- ✓ **Ou gen dwa pou pale ak yon avoka.**
- ✓ **Anvan ou siyen anyen, pale ak yon avoka.**
- ✓ **Pote yon kat Konnen Dwa Ou yo nan lang ou** Know Your Rights card ou epi montre li si yon ofisyè imigrasyon sispann ou (gade plis resous KYR anba a).

**Tanpri itilize lyen ki anba yo pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje dwa ou yo:**



**ILRC Red Cards**

[ILRC.ORG/RED-CARDS-TARJETAS-ROJAS](https://ilrc.org/red-cards-tarjetas-rojas)



**Nou Gen Dwa (videyo ak materyèl):**

[WEHAVERIGHTS.US](https://wehaverights.us)



## Kouman mwen ka jwenn èd?

**Èske w gen yon kat vèt oswa sitwayènte ameriken?** Si non, pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan Depatman Jistis ki akredite sou opsyon ou genyen pou jwenn yon estati imigrasyon pèmanan. Yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite pral evalye si ou kalifye pou yon estati pèmanan. Si ou kalifye pou yon fòm estati imigrasyon pèmanan, li toujou rekòmande pou pouswiv li, kèlkeswa moun ki prezidan Ozetazini.

## Evite frod imigrasyon!

Mande avoka imigrasyon oswa reprezantative akredite ki ap ede ou an kalifikasyon li.



Sonje ke se sèlman avoka imigrasyon ak reprezantan ki akredite ki ka ba w konsèy legal. Pran prekosyon ak notè piblik ki pa otorize oswa kalifye pou bay konsèy sou imigrasyon. Yo pral gaspiye tan ou ak lajan epi yo ka mete ou menm ak ka w la nan gwo risk.



Anvan ou anboche yon moun pou ede w ak ka w la, mande pwofesyonèl la kalifikasyon yo. Èske moun nan se yon avoka oswa yon reprezantan akredite? Konbyen eksperyans moun nan genyen nan lwa imigrasyon? Klike sou lyen sa a pou plis enfòmasyon sou Frod Imigrasyon [Immigration Scams](#). Ale nan [direksyon](#) link sa a tou (gade kòd QR pi ba a) pou w ka jwenn yon founisè sèvis legal otorize ki ka ede w pou yon pri ki ba oswa pa koute.

**Tanpri itilize lyen ki anba yo pou jwenn asistans legal gratis oswa bon mache nan vil ou a:**



Enfòmasyon legal nasyonal pou asistans nan jwenn asistans legal gratis oswa a pri ki ba

**Immigration Advocates Network**

[IMMIGRATIONADVOCATES.ORG/LEGALDIRECTORY/](https://IMMIGRATIONADVOCATES.ORG/LEGALDIRECTORY/)



Pou jèn ki te antre Ozetazini san yon paran oswa gadyen legal

**ImportaMí**

[IMPORTAMI.ORG/EN-US](https://IMPORTAMI.ORG/EN-US)

